

## Gid sante ak sekirite pou fanmi elèv debitant

Pou timoun ki nan EarlyLearn, 3-K ak Pre-K nan yon organizaşyon kominoté

Chè Fanmi,

Ane lekòl sa a diferan avèk tout lòt ane epi nou konnen ou vle pi bon edikasyon an pou ptit ou. Nou apresye tout travay ou fè pou asire ptit ou a rete ansante, kontan ak pre pou fè fas avèk mond lan. Pwogram pou debitant nou yo jwe yon wòl enpòtan nan sa, espesyalman kounye a, kote elèv vil nou an travèse anpil bagay.

Gen nouvo pwosedi sante ak sekirite nou dwe mete anplas pou kenbe timoun ak estaf sennesof pandan yo nan yon pwogram debitant nan yon CBO ki gen kontra avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE). L ap diferan ak sa w ka abitye a epi nou la pou nou gide w. Nan resous sa a, w ap jwenn enfòmasyon ki resan sou sante ak sekirite yo pou pwogram ou an.

Pifò nan gid sa a soti nan lesoun nou aprann nan pwogram debitant ki te anseye ptit travayè endispansab yo ak moun k ap bay premye swen yo pandan mwa prentan ak ete yo. Nou te itilize eksperyans lidè pwogram sa yo, ansanm ak gid federal, eta ak lokal yo pou kreye gid sa a pou pwogram yo pou tout timoun ka aprann pandan yo ansante ak ansekirite.

Yon règ ki enpòtan anpil: **Si ptit ou a malad, menmsi se sentòm ki pa grav, tanpri kenbe l lakay.**

### Sonje “eleman kle yo”

Lave men w



Kenbe distans 6 pye



Kouvri vizaj ou



Rete lakay lè w malad



### Tcheke eta sante chak jou

Tout timoun dwe tcheke eta sante yo chak jou avan yo rantre nan biling lan paegzanp fè yo pran tanperati yo ak fè yon manm fanmi reponn kesyon konsènan kontak avèk nenpòt moun ki gen COVID-19. Kèk ppogram ka gen yon pwosesis pou w fè egzamen sa a lakay. Gen lòt pwogram ki pral fè egzamen sa a lè w rive.

### Rantre ak Ranvwa

Y ap depoze ak pase pran timoun yo nan rantre biling lan. Gen manm estaf k ap la pou akonpaye ptit ou a nan salklas li. Se pou limite kantite adilt k ap rantre nan biling lan. Si yon manm fanmi bezwen rantre nan biling lan, l ap bezwen fè yon egzamen sante epi suiv tout pwotokòl sante ak sekirite yo avan yo otorize rantre nan biling lan. Yo ka fè timoun ki pi piti yo rantre nan pòt ki diferan ak pòt lòt timoun oswa estaf la rantre. Sa ede anpeche yo tann lontan ak pou anpeche gwo gwoup moun rasanble.

### Lè arive ak lè ranvwa ki espase

Pwogram ou an ka gen lè arive ak lè ranvwa ki espase. Sa ede anpeche yo tann lontan ak pou anpeche gwo gwoup moun rasanble.

## Gid sante ak sekirite pou fanmi elèv debitant

*Pou timoun ki nan EarlyLearn, 3-K ak Pre-K nan yon organizasyon kominotè*

### Kouvri figi

Nou atann pou tout estaf ak timoun ki gen plis pase dezan kouvri vizaj yo. Timoun ki poko gen dezan pa bezwen kouvri vizaj. Estaf anseyan an pral travay avèk timoun ki gen pwoblèm pou kouvri vizaj yo toutan. Pap gen kouvri vizaj pandan lè manje ak lè repo. Nou ka pèmèt timoun yo tou dekouvri vizaj yo pandan aktivite deyò. Si pitit ou a gen yon pwoblèm medikal ki anpeche l kouvri vizaj li, ou dwe bay prèv doktè nan pwogram lan pou yo apwouve l. **Nou p ap izole, sispann oswa ranvwaye elèv, si yo pa mete mask. Sepandan, pou fanmi ak timoun ki detanzantan refize kouvri vizaj yo, nou ka mete yo nan aprantisaj adistans.**

Bagay pou kouvri vizaj se mask ki fèt ak twal ak mask chiriji ou ka jete apre ki kouvri ni bouch ni nen.

- Nou pa pèmèt bandanas ak bando pou kou.
- Nou pa pèmèt mask ki gen valv ki kite lè pase, piske vav ki kite lè pase pèmèt lè ki pa filtre soti al jwenn lòt moun.
- Nou pa otorize mask ki kouvri oswa kache vizaj okonplè.
- Ekran pou vizaj pa ka ranplase mask.

### Distans fizik

Estaf ak timoun dwe kenbe yon distans fizik ki se sis pye youn ak lòt, rive nan distans ki pi gwo posib la. Estaf anseyan an ka pataje avèk ou pratik yo suiv nan salklas la pou ede avèk sa.

### Lavaj men

Nou atann pou estaf ak timoun yo ogmante kantite fwa yo lave men pandan pwogram lan. Savon ak dlo se mwayen ki pi efikas pou anpeche mikwòb pwopaje. Lè li pa posib pou lave men, estaf anseyan an ap gen dezenfektan pou men ki disponib. Timoun yo ap lave men yo nan moman tankou:

- Lè y ap rantre nan salklas;
- Lè y ap kite yon zòn nan salklas la pou ale yon lòt kote;
- Avan ak apre yo manje;
- Lè yo fin itilize twalèt;
- Lè yo te kite bilding lan epi y ap retounen; ak
- Lè men yo sal.

### Teste ak Retrase (Test and Trace)

Si yon moun nan pwogram pitit ou a teste pozitif pou COVID-19, w ap resevwa yon lèt sou pwochen etap pou oumenm ak fanmi w fè. Si se te yon moun nan salklas pitit ou a, oswa yon moun pitit ou a te ankontak avèk li pou plis pase 10 minit, kidonk li posib pou pitit ou a bezwen rete nan karantèn pou yon peryòd tan. Si nou jwenn pitit ou a pat nan kontak rapwoche, w ap resevwa yon lèt ki di te gen yon ka konfime nan pwogram lan pou enfòme w. Li posib pou w pa bezwen fè anyen ankò. Nou p ap janm pataje enfòmasyon pèsonèl moun ki teste pozitif pou COVID-19 la.

### Tès oaza

Timoun ki nan salklas debitant (EarlyLearn, 3-K for All, oswa Pre-K for All) pa oblige patisipe kounye a nan tès COVID-19 oaza a. Nou ankouraje fanmi w anpil pou fè tès COVID-19 regilyèman pandan ane a. Elèv DOE ki nan klas 3-K rive 12 yèm ane gen priyorite pou fè tès nan 22 lokal Health and Hospitals, H+H) ki nan vil la. Elèv DOE pa oblige pote yon ID elèv ni prèv yo lekòl. Nou ankouraje paran ak responsab elèv pou pote kat asirans yo men avèk oswa san asirans, elèv pa gen pou peye anyen pou yo fè tès. Tanpri gade paj [Tès COVID-19 pou elèv ak estaf](#) la pou jwenn yon lis 22 lokal priyorite yo ak lòt detay.

## Gid sante ak sekirite pou fanmi elèv debitant

Pou timoun ki nan EarlyLearn, 3-K ak Pre-K nan yon organizaşyon kominotè

### zòn pou izolman

Chak pwogram gen yon sal/kote ki la pou izolman pou yo itilize si gen yon timoun ki vin malad pandan jounen an. Si nou mete ptit ou a nan sal/zòn pou izolman an, n ap sipèvize l toutan. N ap kontakte w imedyatman epi n ap mande w pou vin chèche l.

### Antretyen ak netwayaj

N ap netwaye tout espas nou itilize nan pwogram lan pandan jounen an epi n ap dezenfekte yo chak swa, avèk atansyon espesyal sou kote moun touche plis yo.

### Vantilasyon

Nou atann pou pwogram yo gen omwen youn nan bagay sa yo nan chak salklas prensipal k ap sèvi timoun yo:

- Omwen yon fenèt ki ka ouvri;
- Yon vantilatè ki bay van nan yon espas;
- Yon vantilatè ki pouse deyò lè kontamine ki andedan an pou yo ka ranplase ak lè fre; oswa
- Yon vantilatè ki sikile èkondisyone kote w vle a.

### Sèvis manje

Lokal manje kominotè DOE ([schools.nyc.gov/freemeals](https://schools.nyc.gov/freemeals)) yo ouvri pou pase pran manje epi ale (grab-and-go) ant 3:00 ak 5:00pm nan jou lekòl sèlman. Nou envite tout manm kominote a.

### Aparèy aprantisaj adistans

Sonje si ptit ou a bezwen yon aparèy pou aprantisaj adistans, ou sipoze ranpli [Fòm pou demand aparèy pou aprantisaj adistans](#) oswa rele help desk pou jwenn èd nan 718-935-5100. Si wpa konnen nimewo OSIS ptit ou a, ou sipoze mete nèf (g) nan tout kazyé nimewo OSIS la pou ranpli fòm lan. Elèv ki abite nan lojman tanporè oswa ki pa gen aksè nan entènèt gen priyosite anpremye pou jwenn yon aparèy.

Si w gen kesyon sou nenpòt enfòmasyon nou pataje la a, tanpri kontakte lidè pwogram lan pou plis enfòmasyon. Si ptit ou a nan yon lekòl distri oswa nan yon Sant Pre-K, tanpri tcheke [la a](#) pou wè **Gid fanmi pou reouvèti lekòl 2020-2021** an. Kòm dabitud, nou ankouraje moun ki abite Nouyòk pou yo fè tès si yo gen enkyetid sou nenpòt kontak avèk viris la.

Nan kolaborasyon,

Divizyon edikasyon pou debitant  
Depatman Edikasyon NYC